



Daw sa warèf wu

**Espagne farlu wul ci taxawu ak aar xalé yi dal ci ile canari yi niki ni kako
yoon sassé**

Ci gatal 1

Ndigeul yu am solo ngi ni5

 Dieumeulé ko ci gouvernement Espagne ak iles canaries yi..... 5

 Kadu yu gnu djaggleel procureur general bi7

Ci gatal

Bégu ma ci fi ma nèk; su doon sama sago ma joggè ci berep bi. lekk bi gnu gnuy diox baaxul, néxul. Sugnu l2nn waxé nè dagnu xiif, dagnu gnuy tontu nè bi gnuy nékk Senegal suuru gnu woon, amu gnu woon lugnu lekk, kone bok dagnu wara sant ci ass tutt lignu gnuy diox.

-Lax S. fukki att ak diurom gnaar moy wax noonu ci bérép bugnuy dupé La Esperanza emergency center, thia Tenerife

Bégu gnu fi gnu nekk ni; Xam nagnu ni dugnu gnu bayyi gnu duggu ci biir réwum Espagne. Gnu ci geunneu beuri beugg nagnu delu Maroc. Dagnu soonu. Gni fiy liggey dagnu gnuy door, di gnu toroxal. Lata nguéni gneuw némiku ci gnu, fii dafa xassawone xunn. Sugnu dundine fi baxul, lignuy lekk it baxul.

-Malik, fukki att ak gnente, moy wax noonu ci bérép bugnuy dupé Arinaga emergency center, thia Grand Canary

Ile yooyu di canary waru gnu doon ay bérép yuy yengu ci di topato gni fakiko diiwanu Afrique.

-Jose luis Arregui Saez, Di kilifeu biy ndjité lepp luy yengu ci walu aar ak topato gune yi, xalé yi

Nguir tontu ci lolu ngua xamné moy aksité diurom gnenti temeriy xalé, yu anndul ak mak, fakikoo Afrique, dieul ay gaal ci attum 2006, djeuwrigne ji djité iles yoyé di canary dagnu ubiwone gnenty berep nguiri dalal xalé yi, lu deme ni lu tolu ak temer ak luko eup sax. Bérép yoyé nak dagnu leen ubiwone nguiri safara agum, ci numu geuneu gawé xale yoyulé ndaxte dafa di lu meussul woon am, waye du luy meuneu weuy. Te figu tolu ni nak, kene xamatul ci kilifa yiy djitefi nugnuy def ba tethie berep yoyé, amu gnu ci bénn péxé. Fignu tolu ni sax ndjitem ilu canary yi gnu ngui xol nu gnuy déf ba meuneu yatal bérep yo yé ngir meuneu dalal yénéniy xalé, donté sax kilifa yi djité diwaan gogu gnu ngi deuk di wax né du seen wareef, du gnom gno wara geustu ay péxé yuy safara nèkinu xalé yoyè ci canary.

Xalè yoyè nak imigré, di lu tolook gnent ba diuromi teemer, té nék ci bérépu daal luwaay yoyu gnu ngi sakk ay péxé ngir yombal sèsub nékkine foofu, amna ligeey yu reuy yu gnu défaral seen boppci biir bérép yoyu. Centre yi nak xate nagnu loolu ndaxté saa suné xalé yi dagnuy geun di gneuw, di doliku ci lifi nékone, té gniy djité bérép yoyu meunu gnu dakal mbiir mi; té meunu gnu lèna dalal ci yènèniy béreep yu geuna mengo ak séniy soxla. Wayé béreup yu gnu dalal xalé yi, di ay centre d'urgence, amna béreup yu ko geun fuuf, modi béreup yi ngua xamni lépp luy aar xalé yi dina ko matal, wayé dalalu gnu fa xalé yi. Té li done lo xamné baxul ci gnom, meun na lèna indil ay reuk -reuk ci ci seen dundu. Gni nék fofu ci iles yi, ci centre yi, ak xalé yu gnu dalal ci béreup yu bess yu gnu ubi, dagnu mèel ni gnu thiabi fètè guinaw ndaxté meunu gnu dugg ci biir deuk bi, dagnu leen tagalé ak wa deukk bi, meunu gnu diarignu dara ci li municipalité bi diaglèl askane wi, té seeni yeungu-yeungu taxu ka démè noonu, danaka meunu gnu dém meunu gnu dikk. Néna gnu dagnu leeni djangal, wayé ci la yam képp, ay waxtu la rék, té ndjange mi taxu ko yaatu. Rax ci doli, ci deukku way bi dagnu diaxassé ndaw ak mak, naka nonu du gnakk gni geuneu mak gni di nogatu xalé yu ndaw yi, wala di leen door aka toroxal, yènn say sax meun na doon gni fay ligey yè, lolu nak di indi yeen say sax xalé yi di faakk, dawè ci centre yoyulè.

Béreup yi gnu geunna ragnè nak ci waalu nèkkine wu bone gnoy Arinaga ci ile Grand canaarie ak la Esperanza ca Tenerife. Mbotay miy saamm lépp luy droits wu niit gni, gnu diko dupè Human Rights Watch, fègnal nagnu né centre yoyè violence bi fané ak gnak topato yu gnu dieumalé ci xalé yi djégi na dayo, rawa tina nak ci gnu ndaw-ndawane yi. Violence bobè mu ngi djogé ci gni geunna mak wala gni fay liggey yè. Fofè ci Esperanza di bérép bu gnu dalal ay xalé , némiku nagnu ci digeunté Aut ak decembre 2006 nite gni yorinu mala lagnu lène yorè wone foofu. Kilifa yi ko wara safara nak, niki kurel gi yor leep luy aar xaléyi, ak takk deer yi, ak procureur ru askann wowè, défu gnu seen wareef, mudí nèmiku bubax, ak geustu nèkinu xaléyi ci centre yoyè. Xalé yi nékk ci béreup yoyu xamatu gnu fu gnuy utè wolu, wala ndimbeul. Amu gnu fènn fagnuy meuna djoytoo, té meunu gnu djokko ak been avocat nguir meuna xam li leen yoon ma. Xalé yi féxé ba djokko ak gni yoré walu yone, duleen diarigne dara ndaxté dagnu leeni dèlo fignu nèkone, té du sopi dara ci seen nèkine.

Sugnu naane thieup ci ile canarie yi, xalèyi andul ak mak, takk dèr yi dagnu leen di téyé, dieumeulè ko app bu kén xamul, dugnu giss been até katu yoon, té dugnu am avocat buleen di meuneu taxawu, bagnu meun leen bayi. Amna sax ay xalé yu nétali wa Human Rights Watch né téyé woon nagnu leen téyé bu yagg sax ci police bi, amna kène ci gnom ko xamné ni défna lu toolu ak gnaari semaine ci police bi, lo kamné been fane késsé la warona dieul nguir meun leen enregistré. Xalé yo yu di gneuw ci ile yi nak, dina gnu némiku senn wer gui yaram, xool ndax yoru gnu been xètu djangoro, wayè sèt bobu gnu leen di sèt dugnu leen ci wax dara, dugnu leen lathie it ludi ci seen xalaat, té lugnu ci guiss tamite dugnu leen ko yeugeul budul di xalé bi ci bopam moko lathie.

Xalé yoyu di aksi ci ile yi gnuy dupé canary, kèn du leen yeggeul né yone may na leen gnu gnaan gnu fatt lenn, néké ni ay daw lakku. Gni djité gox yoyu dagnu leen di diapp rèk ni gno xamné ni sen tukki bi dara lala ko ludul kom-kom rék. Xalé yi nèk ci centres d'urgences yi gnom dugnu leen lathie dara, dagnu leen di diapp rék dugeul leen fofu. Buko défè bépp xètu ndimbeul bugnu meunona am day nax say. Human Rights Watch néna gnu amna xalé yu beuri yu warona djote ay xibaar ak ndimbeul buy tax gnu fatt leen, djapèleene ni ay daw lakku.

Xalé yi ngua xamné amu gnu bènn keuyite bugnu lenn di meuna xaméé, chartu Espagne ak yoone meyna leen gnu am fofu ay keuyite yu leen di may gnu nékk fofu ass diir. Kilifa yi djité fofu xééx immigration bi lagnu geuneu farataal lidjeuntil xalé yi sèèni keuyite, té ci waalu keuyite yi daanaka gnom rek gnoy teureul, gnoy téggi, té mélna ni nignu koy dioxéé amna lu ciy leundeum. Keuyite yooyu gnuleen di diox nak fii gnu tolu ni sotilul dara ndaxté su xalé bi di am fukki att ak diurom gnétt keuyite bi di yaakku, té bu booba yoon maya tuko mu took fofu ci deuk bi, té loolu noonu kilifay deukk bi war nagnu xool nagnu koy safara wee, té geuna topato xaleyi, diapèleen diapinu nite.

Xalé yi meunu gnu djokoo ak kureel bi ngua xamane tani mo yor seeni mbir, lu démè ni seen nékine, ak bépp xètu matuway bugnu dieul djeumeulé ko ci gnoom. Gni nga xamné gnoy liggey ci “residential centers”, maanaam bérép yoyu gnuy dalal xalé yi, di jokko ak xalé yi saa suné meunu gnu déf dara nguir sopi nékinu xalé yi ndaxté

amu gnu béenn kadu ci doxalinu mbir yi fofu, mudi lugnuuy gnaxtu loolu ndaxté nékinu xaléyi fofu tiiss naleen, ndaxté donté beugg nagnu diapalé xaléyi, meunu gnu ci dara.

Ginaaw bu gouvernement canary eukeuteuléé gouvernement central bi ngua xam né mo eumbe léep, gouvernement central bi mudjuna ndangu tuxeul lu tolook diuromi témeriy xalé, tass leen ci biir deuk bi. Ndogal loolu nak léegi sotina, wayé yéexoon na loolu, baparé politik bi dugoon na ci lolu, té diaarul woon yoon. Waayé némiku nagnu ni daanaka dara sopiku wul ndaxté xalé yi dugg ci deukk bi luni tolu aksi waat nagnu ci ile bi. Rax ci doli amul been xalé marocain bugnu dugeul ci deukk bi ci bignu djeuléé matuwaay woowu, donté né xalé yoyu beuri nagnu fa, sugnu xaadjè mboloo momu gnéti yoon, marocain yi dinagnu tolo ak beenn pathie mi.

Ci been waxtu wi, némiku nagnu né gouvernement Espagne yéessal nagnu ay péxé nguir délo xalé yoyu fagnu fakéko ci numu geuneu gaawè. Djott nagnu sax disso ak gouvernements yi di Maroc ak Senegal, ba deeggo ci kadu nguir délo xalé yoyu lé sen deukk. Amna gnéti(3) communauté autonome, manam ay diwane yu adiuwul ci kénn ak bénn djeuwrigne(ministère) yuy liggeey nguir yombal délo yoyu gnuy mébeute, yeenn ci gnom commission européenne mo leen soce. Mudoon lo xamné Human Rights Watch ak yeenn mbootay kalamé woon nagnu ko ci fann yi wèssu, Espagne djaaralé wul yoon déloo boobu muy déloo xaléyi, té thia maroc mbir mi amna ay risque, té xoolu gnu ci interet xaléyi wala seen karangué, ak chartu bagna-délo “principe de non-refulement” bi gnu may daw laakku yi.

Topatoo wu gnu sax ndax xalé yi yoon may na leen gnu fatt leen ni ay daw laakku foofu, wala yénèen xétu aar yugnu leen meuna aarè, wayé ak lumu ci meunti doon Espagne dafléena wara taxawu. Té suféké sax xaléyi yoon mayu leen gnu déss ci deukk bi, lignu néekk ci biir goxu Espagne rék ci bopam taxna Espagne yoon sasko mu taxawu xaléyi ci béépp fana, respecté seniy droits yileen charte wiy aar droits wu xaléyi may. Gouvernement Espagne warna sèètt péxé mu werr buy safara mbir mi, diéma xool nugnuuy déf ak xaléyoyu di aksi ci iles yi ci numu geuneu gaawé. War nagnu leen it ubil ay yoon yuleen di may gnu meuneu djokko ak gni ngua xamné gno yoor procédures internationales de protection yi, té meune na ague sax si xalé yoyu gnu mayleen ay keuyite yuleen di may gnu indi séeniy wa-keur, sugnu xayma wé ba

giss né lolu lu mena nékk la, nguir meuna yombal nékinu xaléyi thia foofulé. Su fékké né xalé yi kénn meuneu tuleen déloo, ndaxté yoon andu ci, wala amna ay tolof-tolof yu ci meuna djogé, réwum Espagne dafa leen wara may ay keuyite yu woor yuleen di may gnu meuneu tok ci biir deukk bi, féxé leena askano, bolé leen ci gnifa deukk.

Ndigeul yu am solo ngi ni

Dieumeulé ko ci gouvernement Espagne ak iles canaries yi

Féxé ci numu geuneu gawé teuthie lolu di centre d'urgence yi, mudi béreup yu gnuy dalal Xalé yi andul ak kéenn ci iles yi, té toxal leen ci ay béreup yu geunna mingo ak séeni soxla, ndax lolu dina geuneu yombal nékinu xalé yi, gnu meuna am dunde bu bax, té lolu moy linga xamné ni mo deupo ak yoon wiy dox ci deukk bi, ak yoon mi mbootayu xètt yi teureul tégneup war ci ande diko samm. Féxé ba beebb tuxeul bugnuy meuna tuxeul xalé yi na doon lu gnu défè ci anam yu leer, yu andul ak bénn sikki-sakka, wala bodikonté, té it mudone lugnuy disso ak xaléyi, féxé it bamu done interet xaléyi, muy ku goor ki wala djiguen bi.

Féxé ba beebb xètu topato wala saytu, laataa gnuy dugeul xalé yoyu ci deuk bi, done loo xamné ni ci diir bu gatt lay doon, bagna diégi dayo, té nadone tamite lo xamné ni day yokku seen karangué wala weer gi yaram, ngir meuna yombal seen maguine. Té bépp xètu topato bugnu leen diaglélél war nagnu féxé mu deupo ak yone, mingo ak charte yi.

Féxé geustu, Xool nékinu xaléyi ci centre yu gnuy woowé la Esperanza ak Arinaga, féxé ba gni nga xamné gno doon gnaakk topato xaléyi ak dileen toroxal yoon ték ci gnom loxo, até leen. Loolu nak sugnu koy déf war nagnu ci lathie xaléyi seen xalaat, disso ci ak gnom, lathie leen séenub nékkine sa foofu lé, té lignu fay waxtané warul taabi ci yéneen niy nopp, nguir meuna aar xalé yi. Gni ngua xamné gno doon dunde ci djafé-djafé yooyu, gnu boolé leen ak ay docteur yu leen némiku, su ladjé gnu fathie leen, gnu taxaw ci, té it diox leen ndampaye.

Xool lu waral gneenn ci xalé yi gnu teuyé leen ci diir bu yagg lool ci commissariat yi, diisso ci ak xalé yi ci seen bopp. Féxé ba téyé bi gnu y téyé xalé yi andul ak nite, doon lo xamné mingo na ak li yoonu mbootayu xeett yi teureul, maanam droit international, té téyé bi bagna wèssu li téyé bi lathie, té gnu beugg ko xam.

Xamal ci numu geuneu gaawé xalé yi seen droits, mudi li leen toon may, ci kalaamabugnu dègg, rawatina ci droits wu xalé yi, té diox leen keuyite yi leen di may gnu meune faa deukk, meun faa liggey, meune faa djangue, meune faa fadioo.

Féxé amal xalé yi ay bérépu gnaxtu way, wala djoytu way ci biir centre yi ak ci biti, té féxé gnu y meuna djokko saa yugnu ko beuggè ak gnileen fa tèwal, dileen aar.

Féxé soss ci numu geuneu gawè beenn bureau bo xamné dara yékeuti wuko ludul di yèè ak xamal xalé yi li leen yoon may, nugnuy déf ba am ay keuyitu daw lakku, ak lépp lu leen mbotayu xèth yi may ci walu karangué. Té gnu féxé ba lolu yeup gnu défé ko ci kalama bu xalé yi dégg. Baayi dèloo yu gnu y déloo xalé yi fignu dawè filèèk noppi wugnu xool ndax matuway yeup matna gnu, ak xool nugnuy déf ba xalé yi djote ci keuyitu daw laku yi.

Féxé ba meuna némiku bépp galankoor buy tax xalé yi dugnu meuneu diarignoo lu leen yoon may, ba ci tuxeul yu gnu leen di tuxeul, gni nga xamné gno yorè liggéy bobu rawatina l'observatoire de l'enfance, warnagnu féxé ba xalé yi gnu deukeul ci communauté autonome yi, amm gnu leen di taxawu saa suné, di saamm lépp lu laal seeniy mbir.

Té taxawu yi gnu y taxawu xalé yi gnu diko samm té diko yèssal, lolu nak di walu gni nga xamné samm nékkinu xalé yi rék moleen taxa diok, manam les organismes competent. Féxé ba xalé yi meune di djote ci xibaar yu gnu meuna soxla yeup, gnu meune di djangue, ak di fadju it. Féxé baayi lolu di li nga xamné moy di taann gni gnu y duggeul ak gnu gnu dul duggeul ci biir rewmi, ndax té némiku nagnu né xalé marocain yi faralu gnu dileen dugeul ci deukk bi. Xalé yeup gnu féxé dileen yamalé, bagna bayi kènn ginaw.

Kadu yu gnu djaggleel procureur general bi

Diox ci saaci bureau procureur bu iles canaries ay ndigeul ak ay diumtuway yu am solo ngir gnu meuneu liggey ci anam yu bax, meune di saamm gni nga xamné né seen liggey modi saamm xalé yi, ak bérép yi gnuy dalal xalé yi, té féxé ba gnaxtu bu gnu meune ti djote gnu féxé ko saafara niko yoon teureulè.

Xool ci sassy ndax yoon bi méyé na ubité béreup yoyu gnuy dинthie xaléyi, féxé di disso ak gnom fu kéne fékéwul nguir lathie leen lugnuy dunde ci deg- deg, féxé it mu woor lèen né xalè yoyu di nétali kéne dulène bunde xatal ci dara su waxtane yoyu wèssò.

Xoolate ndax dèlo yu gnuy beugueu délo xaléyi deupona ak yoon, ci biir loolu gnu xool ndax xaléyi lathie na gnu lèen ci sèn xalat, ndax xaléyi djote nagnu ci ndimbeul bi lèen yoon may, ndakh mbir momu deupona ak interet xalebi ci bopam, té ndax délo bi gnuy dèlo xalébi munuka indil bène reuk-reuk, té gnu défé ko ci anam yu lèer.